# Porogaramou Toukhel ak Takhawou wey Touki yi (MRAP)
# Akhou Wey Bok yi ak Gadouway yi

## Tambali

MRAP day jokher ndimbal nguir gni beug toukhou jouguer New York dem beneen deuk si gokh yissi Reewou New York gni nangu jokher nbimbal si tokhou. Bok si MRAP teeyou bakane la. Dinanioula jappé kou bok si MRAP ganaw banga deugalé sa beug si yeleefou toukhal bi mongui touké si pathie biy yombalal way niak dekouway yi (Department of Homeless Services, DHS) wala Berebu Ndimbal bou sakh ak way laago yi (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) way jokher ay yombal, nangu bok si porogaram bi, ak signé kayitou nangu gui.

Boo eksé si si gokh bi nga tane si yissi bok, dinanioula binde si MRAP mou jougué si MRAP bouy yombalal, aw kheet bou am mboloo. Ndimbal ak yombalou MRAP nionguifi nguir yaw ak say mbok si dirou ben att. Lidi yombal yi MRAP di jokher dinala jokh takhawu ak joumtoukaay yingay sokhla ak yombalou ndimbal nguir dimbalila ak say mbok ngeen am guen dji werseuk nguir jot meuna takhawou sa bop ak bok si sa dekendo you bess yi. Yaw ak say mbok war ngeen am tamit wal bou bakh si ligueey ak wey jokher yombal. Boudee yaw wala ben mag si sa mbok yi am na ndiguel ak meuna ligueey, dinaniou la jappalé banga am ligueey bou baax ba meun bok si dounde keugui.

Wa MRAP yiy jokhé yombal bi dinanioula dimbali ak Pathiou Mboolom Reewyi nguir Karangué deuk bi (United States Department of Homeland Security, USDHS) wala keurouk doxal kholou touki (Executive Office for Immigration Review, EOIR) dokhal ak binde, ak dem ak dik nguir USDH wala dadieb EOIR. Bouko ladié, way jokhé yombal dinanioula boolé ak awoca wala kouy yomba si walou yoon si sa kourel bou bess bi.

Akh ak Gadouwaayou wey bok si MRAP reud nanioileen ci keyit bissi topou. Niaka samonté ak ben si gadouway yi meun na diour s bagna agali sa bok si porogaram bi.

## Akh wey Bok si MRAP

1. Wey jokhé ndimbalou MRAP ci gokh bi ngay toukhou warnala guiss bo éksé jokhla demoukay bassi louyel la keur ak joumtoukaay yingay sokhla, ak yombal wala dieumé la si yeneen ndimbaloukay nguir kham sa sokhla yi yakamti loussi melni aada ak thiossane, ak wadiay nguir dound, solinou yeré sam wergu yerem ak ndimbal si koomkoom.
2. Ganaw banga toukho, meun nga jot ndimbal yi di niew si gokh bi si lou tolou si ben att, khana niou yok si dirou ndimbal:
   - Ndimbalou koomkoom
   - Takhawou ak Joumtoukaay you melni:
     - dounde ak ndimbalou dounde
     - sokhlay thiolka
     - ak yeneeni sokhla
   - Yomblaou ndimbal you melni:
     - Takhawou si sakou cartou karangué ndiabot
     - Nguir am saytou wergu yerem
     - Joti si yeneen sokhlay wergu yerem ak ndimbal si werug khel
     - Joti si ndiarign yinga yelool
     - Ak yeneen yombalou ndiaboot
     - Jang lakou angalais
     - Bind say doom si daara yi
     - Bindou si yombalou ligueeyoukayi *
     - Dem ak dik si si sakou ligueey*
     - Tagatoub ligueey*

   ** Bindou si yombalou ligueeyoukayi, dem ak dik si si sakou ligueey, ak tagatoub ligueey meun na adiou si kaw nga am ndiguel nguir ligueey si United States.*

3. AM nga akh si karangaué, sét, ak keurgu neekha jot diiroug sa bok si MRAP.
4. Am nga akh si jot si khabarou MRAP ak yombal si lak boula gueneul si ay yombalou firi kat You bayikoo sin diefou jokhé ndimbalou MRAP.
5. Am nga akh si niou yob la si borom ndiguel si jokhé yombalou yoon ngui r dimbalila si sa walou keyit ak/wala yeneen sokhla si walou yoon.
6. Lim ak kheeti ndimbalou MRAP yingay jot jokhé yombalou MRAP mookoy tanne té dafay adiou si sa tolouwayou ndiaboot ak khabar yinga jokhé.
7. Am nga akh si ndimbal bouy jougué si wey jokhé yombalou MRAP si jot ay keyit you am solo ak ay khibar si lou adjiou si sa yaw ak say ndiaboot si lo kham ni dinala dimbali nga meun yoré sa bop té am karangué.
8. Am nga akh si jot ay yombal si lou amoul ben khadialé si walou kheet, melo, rewou thiossan, laago, att, awra, diiné, guemou polotig, khetou khamékou, wey sopiawra yi, Khetou febar, jemoukayou awra, walou seuy, tolouwaou militaire ak jelaat deloo nguir akh yi jiitou si doundou gni nekoul tak der.
9. Am nga akh si woute ndimbal boo japé ni daniou la bodi si bi MRAP, wala mou nek ni sa kaa lijanti wouniouko si nimou waré nguir ben si yilé kheti bodi, si boo joko ak OTDA Bereubu yombal way daw lakhou yi, 518-402-3096 wala [MRAP@otda.ny.gov](mailto:MRAP@otda.ny.gov)
10. Am nga akh si jekhal sa bok si MRAP sa youla neekhé. Bo jekhalé sa bok si bi porogaram, yeneen yombalou MRAP yep ak ndimbalou koom yi tamit dina jekh.

## Gadouwayou wey Bok yi si MRAP

1. Kham ngani que, amouk solo toukhel gui, sa yo guissé ni begato bok si MRAP, danga war gaaw nga yegalko OTDA wala wey jokhé yombalou DHS.
2. **Yay gadoul sa bop nguir am ndenkaané si walou yoon mokham si say lijanti bop wala si khelalou mbootay mi di OTDA wala jokhé yombalou DHS, bo jefeundiko, nguir ndieekhit yi toukhel meun am si sa mbiri touki ak/wala beneen sokhla yoon, ak nguir tambali wala agali sa dokhaline nguir daguereul sa nekinou walou touki bouko diaré. Yay gadoul sa bop nguir kham bep ndieekhit bou toukhel bi meun am si sa kaa wou touki wala sokhla si walou yoon. Yenat si mbir yi meuna am ay ndieekhital si sa kaa wou touki, si lou amoul doytal, bagna mouthie si def sopi si sa bindindou dekouway bingay jokhé, wala sakou sopi atékay biy deglou sa kaa wou touki. Kham ngani que am ay khelal si walou yoon lou am solo la nguir toukhel yi nguir kham bep ndieekhit bi toukhel yi meun am si sa kaa wou touki dilgé naniouko bou bakh.** Boo beugé bayi khalal yi si walou yoon, yaako wara yegal gni di OTDA walawey jokhé yombalou DHS.

3. Ganaw sa toukou, ya wara yegal kilifay ngourgui si sa sopi deukouway té si loudoul doytal si Pathiou karangué rewmi ak deguereul wey jefendikou yi, USCIS, ak Kereouk dokhal kholou touki (EOIR).
4. Ganaw bo touko, ya wara ligueey ak wey jokhé yombalou wal yoon nguir tambali wala egali sa dokhalinou deguerel sa nekouwayou touki bouko sokhla.
5. Ya war fekhé ba depo ak sakouteef yi wa USCIS ak EOIR di ladie, dieufine yi ak ndiguel yi, ak souko ladié, fessal sakouteef yep ak téwé dadié yep té deglou diglé yi nguir mena sam wala deguerel sa nekouwayou touki.
6. Kham ngani que Yombal ak ndimbalou koomou MRAP dafay jekh ganaw 12 weer, khana mou am seeté, ak si jeekhou 12 weer yi sa wa keur dinaniou sokhla am tereline nguir meun takhawou bopam bagna sokhla ndimbal si MRAP.
7. Ya wara jokhé ay firndé si yen mbir nguir niou meun la binde aki nga jot ay yombal ak ay takhawou si MRAP. Khibar ak keyit yi yingay jokhé danio war nek you degou té leer nagne teski. Meun nanioula ladie mou jougué si jokhé yombalou MRAP ak/wala yeneen kerou ndiarigni nieel niep nga jokhé at firndé si:
    - Khamékou
    - Att
    - Dekouway
    - Naka nga deuké
    - Keur/ ak niata ngay fay
    - Limou karangué ndiabot
    - Dentité wala keyitou adji touki
    - Lingay am
    - Linga jotoul
    - Koom wala yeneen am am
    - Teew si daara yi nguir gniy diangui daara
    - Aar werguyerem
    - Bori louass wala sokhla
    - Fay wala bori facturou fadiou
    - Mo kham nga adiou si dorog, wala naan
    - Laago, wala neew doolé wala Eumb
    - Yeneen depanse yi khalé yi wala yeneeni ndiabot
8. Ya wara yobou sopité yinga sokhla, allal, ligueey, karangué wergu yeram, nekouwayou ndiabot, gninga deukel, dekouway, nekouwayou touki, nekinou wergu yeram, wala yeneen nekouway si wey jokhé yombalou MRAP si noumou gueneu gawé.
9. Ya wara teewé bep dadié ak/wala sopi jotay bi ak wey Jokhé yombalou MRAP nguir wouyou bep ladie ak khamlé bou jougué wey jokhé yombalou MRAP si wakhtu biniouko sokhla si noumou gueneu gawé.
10. SI liggueyoukayou wey Jokhé yombal bou MRAP, yay ki wara bok si dieuf yila wara dimbali ngui nga am liguey té samko.
11. Boudé yaw wala ken si gni deuk sa keur amagounu ndiguel nguir meuna liguey si United States, war nga leko ak way jokher yombal ak/wala wey jokher yombal si walou yoon si tolouway yep yiniou sokhla nguir meuna am ndiguel si liguey.
12. Bo amé ndiguel té meuna liguey, niongui sakou nga liguey ak wey jokher nimbalou MRAP nguir am liguey binga yelo nguir meunko def.
13. Bo amé ndiguel té meuna liguey, bo amé liguey binga yelo té mou nek bou bakh, ya wara jap si dekouwayou ndiabot ak seen depensou keur. Sa tolouwayou diap bi dinaiouko nat 90 fane younek tak ko si lingay am ak diko guéné.
14. Meun nga itam gadou khatimou louass nguir sa dekouway té yay wara gadou dego yi si louass bi, bassi walou koom gui ak limouy diiré.
15. Bo néké di bok si MRAP, nga dem toukhou si loudoul nga yego ak wey Jokhé yombalou MRAP meun na la yobee niou dakal sa bok si porogaram bi, bassi sakh niou dakal sa ndimbal gui si walou koom nguir fay bep weer si louass bi.